



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 30 avril 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DE DOUZÈN DISTILRI NEW YORK PRAL PATISIPE NAN MANHATTAN COCKTAIL CLASSIC, POU RESPEKTE PWOMÈS ENPÒTAN KI TE FÈT NAN KONFERANS SOU DIVEN, BYÈ AK ALKÒL FÒ**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 24 distilri Eta New York pral patisipe nan Ouvèti Sware Gala Manhattan Cocktail Classic vandredi 17 me 2013. Ane sa a pral make premye fwa distilri Eta a patisipe ansanm anba banyè Eta New York nan Manhattan Cocktail Classic. Anons lan vini apre Konferans ki te fèt sou Diven, Byè ak Alkòl Fò Eta a kote Gouvènè a te pwomèt pou travay pou asire bwason abaz alkòl yo pwodui nan Eta New York prezante nan gwo evènman konsomatè yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Eta New York tounèf la se tout sa ki konsène kreyasyon yon anviwònman pou biznis gen siksè ak grandi. Nouvo gouvènman nou ki gen lespri antreprenè konsantre patenarya avèk sektè prive a pou jwenn fason pou redui fado yo epi pou sipòte kwasans nan sektè tankou endistri dinamik diven, byè ak alkòl fò eta nou an. Nan Konferans ki te fèt sou Diven, Byè ak Alkòl Fò, nou te tandè fason ti distilri lokal nou yo ak brasè yo te dwe fè konpetisyon sou nan yon teren jwèt enjis ki gen gwo non mak. Nou te pwomèt eta a ta pran devan pou ede pote pwodui klas mondyal sa yo nan espas mondyal la, epi avèk de douzè distilri lokal k ap patisipe nan Manhattan Cocktail Classic ane sa a, n ap respekte pwomès la epi n ap montre efò nou yo bay rekonpans."

Nan Manhattan Cocktail Classic, de douzè pwodiktè alkòl fò k ap sòti tout kote nan Eta New York pral prezante bwason yo fè alamen nan evènman prestij kòktèl abiman sware k ap atire plis pase 3.000 moun ki gen pasyon pou kòktèl chak ane. Reprezantan distilri yo pral prezante pwodui yo, epi kèk nan bamann prensipal yo ap prepare alkòl fò pou patisipan yo.

Anons jodi a respekte yon pwomès ki te fèt nan Konferans sou Diven, Byè, ak Alkòl Fò ki te reyini nan mwa oktòb 2012 epi ki te gen ladan anpil douzè pwodiktè diven, sid, ak alkòl fò, ak kiltivatè yo, ofisyèl endistri yo, ak espè touris, ki te diskite avèk ofisyèl eta a sou pwoblèm lejislatif espesifik ak pwoblèm kontwòl ki gen nan endistri byè a ak diven an, epi yo te analize nouvo fason pou eta a travay kòm yon patnè pou ranfòse pozisyon New York pivevan kòm yon sant prensipal pwodiksyon byè, diven, ak alkòl fò ak touris. Nan Konferans lan, Gouvènè a te anonse mezi tounèf pou ede pote bwason abaz alkòl yo pwodui nan gwo evènman yo, tankou Manhattan Cocktail Classic.

Haitian Creole

Lesley Townsend Duval, Fondatè ak Direktè Egzekitif Manhattan Cocktail Classic, di konsa, “Nou leve vè nou pou Gouvènè Cuomo poutèt li sipòte distilri atizanal eta a. Se yon lonè pou fè Market New York kòmanse nan evènman vedèt festival nan Bibliyotèk la. Li sitou pèsònèl ak sitou serye paske noumenm nou se yon ti biznis nan New York. Ane pase sa a li te vrèman difisil pou anpil biznis nan Eta New York, sitou moun ki te afekte nan Ouragan Sandy. Sipò pou antrepriz lokal yo anlè lespri pou nou tout kounye a, epi poutèt sa a nou kontan anpil pou jwenn opòtinite pou selebre alkòl fò yo pwodui sou plan lokal nan yon fason ki pa t janm genyen anvan. Vrèman, isit la se pou yo!”

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, “Sa a se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou kreye yon anviwònman kote endistri lokal tankou sa a kapab devlope ak grandi. Gouvènè a te tandè distilri lokal yo, epi li te respekte pwomès li pou sipòte kwasans yo epitou pou montre pwodui prensipal yo. Eta a te fyè pou fè patisipasyon distilri atizanal Eta nou an nan Manhattan Cocktail Classic ane sa a vin yon reyalite.”

Anons jodi a vini apre nou pwojè ki anonse tou nan Diskou ane 2013 Gouvènè Cuomo sou Sitiyasyon Eta a, epitou yo te adopte li nan Bidjè 2013-14 Eta a pou ede amelyore maketing pwodui yo fè nan Eta New York. Bidjè a te gen ladan yon total \$7 milyon dola pou Market New York pou sipòte plan maketing rejyonal ki gen plizyè aspè k ap ankouraje touris rejyonal ak machandiz ak pwodui yo fè nan New York.

Depi lè Gouvènè Cuomo te pran fonksyon, li te travay pou devlope endistri bwason eta a ki se yon motè prensipal kreyasyon djòb ak devlopman ekonomik nan kominote ki toupatou nan eta a. Nan mwa jiyè 2012, Gouvènè a te siyen yon pwojè-lwa ki deziyen pou sipòte brasri ak antrepriz pwodiksyon diven yo nan New York, ogmante demann pou pwodui agrikòl lokal yo, epi ogmante devlopman ekonomik ak touris ki asosye avèk endistri a. Nouvo lwa yo te pwoteje yon avantaj fiskal enpòtan pou ti brasri ki pwodui byè nan New York, te egzante brasri ki pwodui ti kantite byè (kèlkeswa kote yo ye) pou yo pa peye yon frè Otorizasyon Eta a chak ane pou vann alkòl, epitou te kreye yon lisans Brasri Atizanal k ap pèmèt brasè atizanal yo agrandi operasyon yo nou louvri restoran oswa nan vann nouvo pwodui.

Ralph Erenzo, Mèt Distilatè pou Tuthilltown Spirits ki nan Gardner NY, di konsa, “Ouvèti sware Gala Classic reprezante yon bon jan opòtinite pou pwodiktè boutik yo pou yo kapab rankontre moun ki gen pasyon pou kòktèl ak alkòl fò fas-a-fas, zèpòl-kont-zèpòl, ansanm avèk kèk pi gwo mak alkòl fò yo pi konnen nan lemonn. Pwojè sa a pral nan avantaj kiltivatè lokal eta nou an ki gen pwodui agrikòl kalite siperyè nou depannde yo pou pwodui alkòl fò nou yo. Nou swete prezans nou nan Gala a ap louvri zye konsomatè yo nan kèk alkòl fò yo pwodui nan zòn nan ki pa bon kalite ditou nan mache jodi a, epi ansuit y ap chèche yo nan boutik lokal yo, nan restoran yo ak nan ba-restoran yo. Nou gen rekonesans pou sipò Gouvènè Cuomo bay pou mouvman distilri atizanal eta a, epi nou kwè fiti li ap sanble briyan.”

Men 24 pwodiktè Eta New York yo (nan lòd lèt alfabè a):

- **Adirondack Distilling**, Utica, Konte Oneida
- **Albany Distilling**, Albany, Konte Albany

Haitian Creole

- **Atsby Vermouth**, Mattituck, Konte Suffolk
- **Barrows Intense**, Brooklyn
- **Breuckelen Distilling**, Brooklyn
- **Brooklyn Gin**, Brooklyn
- **Catskill Distilling**, Bethel, Konte Sullivan
- **Coppersea**, West Park, Konte Ulster
- **Dutch’s Spirits**, Mayville, Konte Chautauqua
- **Finger Lakes Distilling**, Burdett, Konte Schuyler
- **Greenhook** Ginsmiths, Brooklyn
- **Harvest Spirits**, Valatie, Konte Columbia
- **Hillrock Estate Distillery**, Ancram, Konte Columbia
- **Industry City Distillery**, Brooklyn
- **Jack From Brooklyn Distillery**, Brooklyn
- **Kings County Distillery**, Brooklyn
- **New York Distilling Company**, Brooklyn
- **Prohibition Distillery**, Roscoe, Konte Sullivan
- **Still The One Distillery**, Port Chester, Konte Westchester
- **The Noble Experiment**, Brooklyn
- **Tuthilltown Spirits**, Gardiner, Konte Ulster
- **Uncouth Vermouth**, Brooklyn
- **Van Brunt Stillhouse**, Brooklyn
- **Warwick Valley Winery and Distillery**, Warwick, Konte Orange

### **Enfòmasyon sou Manhattan Cocktail Classic**

Festival an pati, fèt an pati, konferans an pati, fèt kòktèl an pati —Manhattan Cocktail Classic se yon selebrasyon plizyè milye pwen kontak entèseksyon ant kòktèl ak kilti. Avèk prèske 100 evènman ki gaye pandan senk jou ak twa minisipalite, Classic ofri plizyè kalite eksperyans pou moun ki pasyone yo ak pwofesyonèl yo tou, pou agrandi vrè definisyon sa ki reprezante yon “evènman kòktèl.” Katriyèm Classic anyèl la ap fèt nan dat 17 - 21 me 2013. Fanatik kòktèl yo ta dwe make almannak yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri konekte sou entènèt nan sitwèb [www.manhattancocktailclassic.com](http://www.manhattancocktailclassic.com). Swiv Classic sou Twitter nan @cocktailclassic oswa “renmen” nou sou Facebook nan <http://www.facebook.com/ManhattanCocktailClassic>.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418